



ENFÒMASYON RAPID SOU

Pwoteksyon Asirans pou Dan pou Fanmi

Ou merite swen sante abòdab.

NY State of Health se Mache Ofisyèl Plan Asirans Sante Vil New York la.

Enskri jodi.



Sou entènèt nan
nystateofhealth.ny.gov



Nan telefòn nan nimewo
1-855-355-5777
TTY
1-800-662-1220



Vizite yon Asistan
Fas-a-fas nan
[info.nystateofhealth.
ny.gov/findassistor](https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

NY State of Health konfòme li ak Lwa Federal konsènan dwa sivik ak Lwa Eta ki anplas epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon famiyal, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

Swen pou dan se yon pati enpòtan nan sante jeneral ou ak byennèt ou.

Men gen bagay ou dwe pran an konsiderasyon avan ou enskri nan yon plan swen pou dan.

1 Èske Qualified Health Plan (QHP) mwen an gen avantaj swen dan pou fanmi ladan?

- Si ou bezwen yon plan swen dan ki garanti swen pou adilt anplis timoun, ou kapab swa:
 - Chache QHP yo nan konte w la ki bay avantaj swen dan pou fanmi etan w ap itilize Zouti Konparezon Plan Swen Dan sou sit entènèt Mache a nan: <https://info.nystateofhealth.ny.gov/resource/dental-plan-comparison-tool>; oswa
 - Achete yon plan swen dan endepandan pou fanmi andeyò QHP w la.¹
- Pou plan swen dan ki garanti swen pou timoun sèlman, ou ka jwenn avantaj swen dan pedyatrik nan QHP w la oswa nan yon plan swen dan pedyatrik endepandan.²

2 Ki sa yon plan swen dan pou fanmi garanti?

- Plan swen dan pou fanmi gen de (2) nivo pwoteksyon diferan:
 1. Avantaj swen dan pou timoun (pedyatrik)
 2. Avantaj swen dan pou adilt
- Avantaj swen dan pedyatrik gen kat (4) gwo kategori:
 1. Prevantif/Elemantè
 2. Woutin
 3. Gwo Travay
 4. Ôtodonsi
- Avantaj pou adilt kapab gen tout kategori avantaj sa yo ladan l.

¹ Ou dwe enskri nan Qualified Health Plan (QHP) pou ka enskri nan yon plan swen dan endepandan.

² Pou plis enfòmasyon konsènan avantaj swen dan pedyatrik, al gade *Fèy Enfòmasyon NY State of Health Pediatric Dental Coverage la*.

Pwoteksyon Asirans pou Dan pou Fanmi

3 Ki sèvis avantaj swen dan pou fanmi an gen ladan?

Kategori Sèvis	Egzanp Sèvis	Ki garanti pou timoun?	Ki garanti pou timoun pou adilt?
Prevantif/ Elemantè	Netwayaj, fliyò ak pansman	Toujou	Nan pi fò ka, li varye dapre plan an
Woutin	Egzamen, radyografi, senp plonbaj ak rache	Toujou	Nan sèten ka, li varye dapre plan an
Majè	Chiriji anndan bouch, kouwòn, danti, pwotèz ak devitalizasyon	Toujou	Nan sèten ka, li varye dapre plan an
Òtodonsi	Sèk pou ede fè dan yo dwat	Toujou	Nan sèten ka, li varye dapre plan an

- Depans w ap gen pou fè nan pòch ou pou sèvis swen dan kapab varye anpil selon plan an. Ou ta dwe chwazi yon plan ki gen sèvis ou panse fanmi w ka bezwen.

4 Konbyen kòb pwoteksyon swen dan pou fanmi an ap koute?

- Chak plan swen dan gen depans fiks. Depans sa yo ka gen ladan yo montan pou prim, franchiz, maksimòm depans w ap fè nan pòch ou ak maksimòm avantaj anyèl. Depans sa yo kapab varye selon plan swen dan an.
- Anplis depans fiks yo, genyen kondisyon pataj depans tou ki varye selon plan an. Kondisyon pataj depans yo depann de kategori sèvis la ak si se yon timoun oswa yon adilt k ap resevwa sèvis la.
 - Avantaj swen dan pedyatrik la** gen yon limit depans maksimòm w ap fè nan pòch ou ki se \$350 pa timoun oswa \$700 pa fanmi. Sa se maksimòm lajan ou ap peye pandan nenpòt ane pwoteksyon. Pa gen plafon pou sèvis ni peryòd atant pou avantaj pedyatrik.
 - Avantaj swen dan pou adilt** pa gen yon limit maksimòm pou depans w ap fè nan pòch ou. Men kapab gen yon plafon avantaj anyèl. Sa sa vle di, maksimòm lajan plan ou an ap peye pandan ane pwoteksyon an. Ou responsab nenpòt depans pou swen dan pou adilt ki depase maksimòm sa a. Anplisdesa, kapab gen peryòd atant pou kèk sèvis.³

5 Kòman mwen ka jwenn yon plan swen dan ki bon pou mwen ak fanmi m?

- Zouti Konparezon Plan Swen Dan NYSOH la ap pèmèt ou konpare depans ak benefis diferan plan swen dan pedyatrik.⁴ Ou ka jwenn li sou sit entènèt Mache a nan: <https://info.nystateofhealth.ny.gov/resource/dental-plan-comparison-tool>
- Sit entènèt Mache a gen yon Zouti Rechèch Plan Sante ak Pwofesyonèl NYS tou, ki ap montre w yon lis pwofesyonèl swen dan ki patisipe nan chak plan. Ou kapab jwenn li sou: <https://pndslookup.health.ny.gov/>

³ Plan ki sou sit entènèt acha Mache a ekri "WP" si gen yon peryòd atant pou nenpòt sèvis plan an garanti.

⁴ Lè w ap chache plan sande dan, asire w ou gade enfòmasyon konsènan avantaj pou manm fanmi adilt yo, pa enfòmasyon sou avantaj pedyatrik yo.

Si usted habla un idioma diferente al inglés, los servicios de asistencia de idioma están disponibles gratis para usted. Llame al 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

如果您使用的語言不是英語，您可以使用我們的免費語言支援服務。請致電 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)